

Biwo Entegrite Pwogram nan

Wòl Biwo Entegrite Pwogram nan (PIB) se pou asire fanmi Kentucky yo resevwa benefis yo kalifye pou yo, yo okouran de règ ki gouvènè pwogram asistans piblik yo, epi yo itilize benefis sa yo an akò ak règleman Sèvis Alimantè ak Nitrisyon Depatman Agrikilti Etazini (USDA FNS) ak Eta Kentucky.

PIB fèt pou sipòte anplwaye Depatman Sèvis ki Baze nan Kominote a (DCBS) nan entèpretasyon politik reklamasyon yo epi pou ranfòse entegrite pwogram yo nan tout pwogram asistans piblik yo.

PIB gen ladan l Seksyon Jesyon Reklamasyon ak Seksyon Entegrite ak Analiz.

Seksyon Jesyon Reklamasyon

Responsab sipèvizè ankèt sou fwod ak koleksyon peman anplis nan plizyè pwogram asistans piblik DCBS administre, tankou men pa limite a: Pwogram Siplemanntè Asistans Nitrisyon (SNAP), Asistans Senplifye pou Granmoun Aje (SAFE), Pwogram Asistans Transisyon Kentucky (KTAP), Swen Fanmi, Swen Timoun, Medicaid, Ak plis ankò.

Kiyès ki responsab pou peye yon reklamasyon?

N ap kolekte reklamasyon nan men nenpòt adilt ki te fè pati kay ou pandan peryòd kote w te resevwa plis benefis pase sa ou te dwe resevwa. Sa enkli tou reprezantan otorize, reprezantan deziyen nan yon sant tretman pou Abi Dwòg ak Alkòl, fanmi ki okipe yon timoun, moun tribinal deziyen, elatriye.

Metòd Pou Ranbouse Reklamasyon yo

Ou kapab remèt reklamasyon ou nan youn nan opsyon sa yo:

- **Rediksyon Benefis** Si reklamasyon kay la se yon Erè Ajans oswa Erè Enadvètèn Kay la, epi youn nan manm ki responsab yo ap resevwa benefis SNAP oswa KTAP, lalwa federal egzije nou pou nou otomatikman pran \$10.00 oswa 10% sou benefis mansyèl ou yo, kèlkeswa sa ki pi wo. Si reklamasyon kay la se yon Vyolasyon Entansyonèl Pwogram, lalwa federal egzije nou pou nou otomatikman pran \$20.00 oswa 20% sou benefis mansyèl ou yo, kèlkeswa sa ki pi wo. Yon Kay Gen Opsyon Pou Mande Yon Montan Siplemanntè Pou Ajoute Avèk Rediksyon Otomatik Benefis Ki Egziste
- **Peman Sou Entènèt** Pou fè peman reklamasyon sou entènèt, ale sou <https://kynect.ky.gov>. Kreye yon kont oswa konekte sou kont Kentucky Online Gateway (KOG) ou a, epi ale nan meni sou bò goch la epi chwazi "Claims & Payments."
- **Chèk oswa Mandan Lajan** Peman sa a dwe fèt sou non Kentucky State Treasurer, epi ou dwe mete non ou enprime ak nimewo reklamasyon ou sou peman an. Voye peman ou nan adrès sa a:

Claims Management Section
275 E Main St, 3E-I
Frankfort, KY 40621

- **Konpansasyon Taks Leta (RIC)** Si ou pa fè peman oswa si ou pa respekte akò ranbousman ou an, reklamasyon ou an ap voye bay lòt ajans pou koleksyon. Si sa rive, yo ka ajoute frè koleksyon sou dèt ou a. Depatman Revni Kentucky, Divizyon Koleksyon, ka pran tout oswa yon pati nan ranbousman taks revni Kentucky ou a jiskaske ou fin peye tout lajan ou dwe a.

- **Pwogram Konpansasyon Depatman Trezò (TOP)** Si ou pa fè peman oswa si ou pa respekte akò ranbousman ou an, reklamasyon SNAP ou an ap voye bay lòt ajans pou koleksyon. Si sa rive, yo ka ajoute frè koleksyon sou dèt ou a. TOP se yon pwogram koleksyon federal ki otorize gouvènman an pran peman federal (yo rele sa konpansasyon), tankou ranbousman taks federal, pewòl federal, ak peman sekirite sosyal. Dèt SNAP yo voye bay TOP apre dèt la retade pou omwen 120 jou oswa si yo te etabli yon akò ranbousman men li pa te respekte.

Kesyon Sipleman tè Konsènan Reklamasyon?

Tanpri kontakte Claims Management Section nan nimewo 502-564-3440 ant 8:00 AM ak 4:30 PM ET, Lendi rive Vandredi, oswa voye yon imèl nan chfscms@ky.gov. Asire ou mete ak/oswa gen nimewo reklamasyon ou pare.

Ou Genyen Kesyon Konsènan Kalifikasyon Oswa Benefis Asistans Piblik Ou Yo?

Si w ap resevwa asistans piblik kounye a oswa si w ta renmen resevwa asistans piblik epi ou gen kesyon sou benefis sa yo, tanpri kontakte DCBS Family Support pa youn nan opsyon sa yo:

- Rele Sant Sèvis Apèl la gratis nan 855-306-8959 ant 8:00 AM ak 4:30 PM ET, Lendi rive Vandredi, epi ant 9:00 AM ak 2:00 PM ET Samdi
- Aksede <https://kynect.ky.gov> pou kreye yon kont oswa konekte ak kont KOG ou ki deja egziste epi aplike sou entènèt la; oubyen
- Ale nan biwo Family Support ki pi pre ou. Ou ka jwenn biwo ki pi pre w la sou https://prd.webapps.chfs.ky.gov/Office_Phone/.

Asistans Medikal

Si ou gen kesyon oswa enkyetid sou prim asirans ou ak peman ou yo, tanpri kontakte 855-4kynect (1-855-459-6328) oswa aksede enfòmasyon enskripsyon ou an lè w chwazi "Health Plans" nan meni sou bò gòch la.

Reklamasyon Swen Timoun

Si ou gen nenpòt kesyon sou reklamasyon swen timoun ou yo, tanpri kontakte Divizyon Reklamasyon Swen Timoun nan nimewo 844-209-2657.

Seksyon Entegrite & Analiz

Seksyon sa a responsab pou sipèvize ankèt sou fwod ki fèt nan asistans piblik atravè plizyè pwogram, tankou SNAP ak KTAP.

Komès Ilegal & Itilizasyon Move EBT

Komès Ilegal ("Trafficking") se:

- Achte, vann, oswa echanje benefis SNAP, kat EBT, nimewo kat EBT, oswa PIN pou lajan kach oswa pou nenpòt lòt bagay ki pa manje ki kalifye.
- Echanje benefis SNAP, kat EBT, nimewo kat EBT, oswa PIN pou achte atik ki pa elijib, tankou bwason ki gen alkòl, savon, sigarèt, zam, minisyon, eksplozif, oswa sibstans kontwole.
- Revann oswa echanje manje yo te achte ak benefis SNAP yo.
- Itilize manje yo te achte ak benefis SNAP yo pou prepare manje ak entansyon pou vann yo.

Itilizasyon Move ("Misuse") se:

- Itilize benefis SNAP yo pou peye sou yon kont kredi, menm si se pou manje ki elijib.
- Bay yon moun ki pa manm gwoup benefis ou oswa ki pa yon reprezantan otorize aksè ak kat EBT ou ak PIN ou.

- Achte manje ak benefis EBT ou ki fèt pou fanmi ou men bay manje a yon lòt moun oswa yon lòt fanmi.
- Itilize benefis yo nan yon fason ki pa kòrèk, men ki pa satisfè definisyon komès ilegal.

Pou Kimoun Yo Dwe Itilize Benefis Ou Yo?

Benefis EBT yo fèt pou nenpòt moun ki nan gwoup benefis ou an. Ou pa dwe achte atik ak benefis EBT ou yo pou nenpòt moun ki pa nan gwoup benefis ou, epi ou pa dwe bay aksè ak kat EBT ou ak PIN ou a yon moun ki pa otorize.

Ki Sa Vòl Elektwonik Benefis Ye?

Skimming & Klonaj:

- Skimming se lè moun k ap fè fwod mete yon aparèy ilegal sou yon ATM, Point of Sale (POS), oswa PIN pad pou vòlè nimewo kat ak lòt enfòmasyon sou kat EBT, kat kredi, oswa kat debi. Aparèy sa yo ka mete nan kèk segond epi yo ka difisil pou idantifye paske yo fèt pou sanble ak pati ATM, POS, oswa PIN pad la.
- Moun k ap fè fwod ka itilize done yo vòlè yo pou kreye fo kat ak bann mayetik vid oswa menm kat kado ki soti nan divès magazen. Kat kloune sa yo itilize pou vòlè lajan moun nan oswa èd benefis mwa li pou fè achte an pèsonn oswa sou entènèt.

Fichin & Falsifikasyon:

- Atak sa yo fèt atravè mwayen elektwonik tankou imèl, mesaj tèks, oswa apèl telefòn kote fwodè eseye fè moun bay enfòmasyon kont EBT yo lè yo pran pòz yon sous konfyans tankou DCBS.

Kisa mwen ka fè pou ede anpeche vòl benefis elektwonik?

Gen plizyè bagay yon moun ka fè pou ede anpeche vòl benefis elektwonik. Sa yo enkli:

- Telechaje aplikasyon mobil ebtEDGE. Avèk aplikasyon mobil ebtEDGE la, moun yo ka jwenn aksè imedyat ak enfòmasyon sou benefis KTAP ak SNAP yo nenpòt kote yo gen koneksyon Entènèt. Itilize navigatè Entènèt ou pou ale sou www.ebtedge.com epi chwazi lyen "Koneksyon Titilè Kat". Avèk aplikasyon sa a, ou ka:
 - Wè balans ou an tan reyèl;
 - Revize listwa tranzaksyon ou;
 - Revize istwa depo benefis ou ak orè peman yo;
 - Chanje PIN ou;
 - Jwenn détaillants ki toupre kote ou ye a ki aksepte benefis SNAP;
 - Bloke achte ki fèt andeyò Eta a;
 - Fèmen ak relouvri kat EBT ou pou anpeche achte;
 - Ak plis ankò!
 - Pou aprann plis sou aplikasyon mobil la epi telechaje l jodia, ale sou <https://www.fisglobal.com/ebtedgemobile>.
- Chanje PIN ou souvan.
- Kenbe nimewo kat EBT ou ak PIN ou an sekre epi pa pataje li ak okenn moun ki pa fè pati gwoup benefis ou. Kouvri klavye a lè w ap antre PIN ou sou yon machin.
- Anplwaye DCBS p ap janm mande w nimewo kat EBT ou ak PIN ou ansanm pou okenn rezon. Si yon moun kontakte w pou mande enfòmasyon sa yo, FÈMEN APÈL LA IMEDYATMAN!

Èske w se yon viktim vòl benefis elektwonik?

Men aksyon ou ka pran si w sispèk ke w se viktim vòl benefis elektwonik:

- Kòmande yon nouvo kat EBT imedyatman lè w kontakte founisè kat EBT la, Fidelity Information Services (FIS), nan 1-888-979-9949.
- Rapòte vòl la bay DCBS lè w kontakte Sant Apèl la gratis nan 855-306-8959 ant 8:00 AM ak 4:30 PM ET Lendi jiska Vandredi ak ant 9:00 AM ak 2:00 PM ET Samdi, oswa ale nan Biwo Sipò Fanmi ki pi pre w. Jwenn biwo ki pi pre w la sou https://prd.webapps.chfs.ky.gov/Office_Phone/.

Mwen resevwa yon notifikasyon ki di benefis mwen yo te konpwomèt.

DCBS te lanse yon kanpay pou avèti benefisyè benefis yo ke done kat EBT yo te konpwomèt. Atravè analiz done, yo ka idantifye kay ki an danje anvan vòl benefis yo fèt epi voye yon notifikasyon elektwonik pa imel oswa mesaj tèks pou di yo kòmande yon nouvo kat EBT epi chanje PIN yo. Si yo idantifye ke done kat EBT ou an te konpwomèt, kèlkeswa si w te chwazi resevwa notifikasyon pa imel oswa mesaj tèks, w ap resevwa youn nan mesaj sa yo:

"Done EBT ou te konpwomèt. Rele FIS nan 1-888-979-9949 imedyatman pou kòmande yon nouvo kat EBT epi chanje PIN ou."

Si w resevwa mesaj sa a, reyaji imedyatman lè w kòmande yon nouvo kat EBT epi chanje PIN ou dèske w resevwa kat la. Sa pa vle di benefis ou yo te vòlè. Revize istwa tranzaksyon EBT ou pou w wè si gen aktivite sispèk. Si w sispèk ke yo vòlè benefis ou yo, rapòte vòl la bay DCBS lè w kontakte Sant Apèl la nan 855-306-8959 ant 8:00 AM ak 4:30 PM ET Lendi jiska Vandredi ak ant 9:00 AM ak 2:00 PM ET Samdi, oswa ale nan Biwo Sipò Fanmi ki pi pre w. Jwenn biwo ki pi pre w sou https://prd.webapps.chfs.ky.gov/Office_Phone/.

Ki jan mwen ka rapòte fwod?

Pou rapòte fwod oswa abi nan asistans piblik, kontakte Biwo Enspektè Jeneral la (OIG) gratis nan 800-372-2970 ant 8:00 AM ak 4:30 PM ET.

Enfòmasyon pou Kontakte

Seksyon Jesyon Reklamasyon

Imèl: chfscms@ky.gov

Telefòn: 502-564-3440

Adrès Postal:

275 E. Main St. 3E-1
Frankfort, KY 40621

Seksyon Entegrite & Analiz

Telefòn: 502-564-3440

Adrès Postal:

275 E. Main St. 3E-1
Frankfort, KY 40621